NYC Mayor's Office of Immigrant Affairs

# **Xamal Say Aqq** ak **ICE**

Su fekkee ni waa ICE (**Alkaati Duwaan ak Imigaraasioŋ**) da ñu la dikal, am nga ay aqq!



**Fewiriye 2025**


**Wolof**

# Lan laa mën def su fekkee ni ICE dafa ñëw ci sama buntu?



Yow **soxlawul** ngay ubbil sa buntu waa ICE wala imigaraasioŋ. Fattelikul ni **bokk na ci saay aqq** nga noppi baña wax.

**Su fekkee ni waa ICE/Imigaraasioŋ da ñu nekk ci sa buntu:**



Ci sa **ginaaw buntu bu teje**, mën nga leen laaj ñoom ñooy kan ak ñu wone seeni kartu raññeekaay, ID, wala kart u wisit ci palanteer bi, xoolukaay bi, wala jallale ko ci suufu buntu bi.



Su fekkee ni woor na la ni waa ICE/ imigaraasioŋ ñu ngi sa buntu, laaj leen ndax am na ñu **Kayit u Joxe Sañ-sañ bu bayyeekoo ci Attekaay ba**.

Ab Kayit u Joxe Sañ-sañ bu bayyeekoo ci Attekaay ba ki koy xaatim ab attekat la buy jox waa ICE/ Imigaraasioŋ sañ-sañ ngir ñu japp nit.

Su fekkee ni da ñu wax **DEET, Amuma kayit u japp,** soxlawul nga leen di bayyi ñu dugg. Mën nga leen wax,



“I do not want to speak with you.” (Bëggu ma wax ak yeen.)

Su fekkee ni dañu wax **WAAW, Am naa mandaa**, laaj leen ñu jallale ko ci suufu buntu bi.



Da nga wara nàngu, bu fekkee ni ab àttekat moo xaatim keyit bi

Su fekkee ni ICE dafay wër kenn ku nekkul ci sa kër, **soxlawul ngay wax**. Su fekkee ni da nga bëgg wax, mën nga laaj waa ICE ñu bayyil la ak xibaar u jokkoo. Donte soxlawul ngay wax waa ICE fan la nit ki nekk, joxe xibaar gu werul dafa lay dugal ci guuta.

Su dee dafa am lu jamp, lu ci mel ni luy ñakkal kaaraange ci askan wi wala lu nara rotal bakkan, ICE mën na dugg donte sax amul kayit gu koy jox sañ-sañ. Su de loolu am na, bul fatte ni **am nga aqq u baña wax dara**.

# Lan laa mën def su fekkee ni ICE dafa nekk ci sama biir kër?

Man **anduma** ci seen seet gi.



Su fekkee ni ICE dafa dugg sa kër te joxoo leen sañ-sañ, mën nga leen wax ci kàddu yu leer: **“I do not consent to you being in my home. Please leave.” (Man anduma ci seen dugg sama biir kër. Genn leen.)** Wax loolu du tax ñu baña weyal li ñuy def, waaya mën na laa dimbali ci beneen kaa u wallu yoon.

Su fekkee ni ICE dafa tambali seet ci neeg yii wala ay këf ci sa biir kër, mën nga leen wax, **“I do not consent to your search.”(Man, anduma ci seen seet.)**


Mën nga weyal di ko baamtu su fekkee ni dañoo weyal seet bi te joxooleen sañ-sañ. Mën nga leen wax bu fekkee ay xale ñoo fa nekk wala ay nit yu mëna loru.

Na nga moytu di duggu ci ay xëccoo ak alkaati yi nga xam ni seen ligeey mooy doxal yoon.



Téere bii dafay joxe ay xibaar yu jëm ci ñépp. Nekkul ay xelal ci wàllu yoon. Seetil ab awokaa ngir am ay xelal ci wàllu yoon.

# Lan laa mën def su fekkee ni ICE nekk na ci sama barab u ligeeyukaay?



ICE mën na dugg ci barab yu **ñëpp bokk** wala bepp barab te du soxla kayit.



Barab yu ñëpp bokk dafa cii boole, supermarsé, jaayukaay yi, wala barab yu ñuy reere ci ab restoraŋ.

Waa ICE **mënu ñu** dugg ci ab barab u ligeeyukaay bu xejjuku xanaa rek mu am **kayit u sañ-sañ bu bayyeekoo ci sa patoroŋ wala abKayit u Joxe Sañ-sañ bu bayyeekoo ci Attekaay ba**.

**Barab yu xejjuku** mooy barab yu ñu jagleel ligeeykat yi rek bokk na ci neeg u noppalu wala deñcukaay yi ci biir ligeeyukaay yi.

Ci jamonoy jamp-jamp, lu mel ni ragal indi jafe-jafe ci kaarange nit ñi wala lu mën a faat bàkkanu kenn, ICE mën na ci duggu ci lu dul sa ndigal. Bu loolu amee, fàttalikul ni **am nga sañ-sañ ci bañ a wax dara.**



Téere bii dafay joxe ay xibaar yu jëm ci ñépp. Nekkul ay xelal ci wàllu yoon. Seetil ab awokaa ngir am ay xelal ci wàllu yoon.

**Ligeeykat yii mën nañu** laaj waa ICE ñu wone seen raññekaay te laaj ndax waa ICE am na ñu kayit u japp bu bayyeekoo ci attekat

Niki bepp barab yu ñëpp bokk, su fekkee ni ndaw u ICE yii da ñu la fekksi, **DU SOXLA ngay tontu seeni laaj** te mën nga leen yebal ci sa patoroŋ.

Ni ñu ko tammee di def, su fekkee ni waa ICE dañuy lay jeema fuye, mën nga leen wax, **"I do not consent to a search." (Man anduma ci ngeen di ma fuye.)**

Su fekkee ni dañu la fuye nak, mënooleen bayyiloo xanaa rek wax leen ci kaddu yu leer ni anduloo ci ndax di na am solo ci yeneen kaa yii ëllëg.

**Na nga moytu di duggu ci ay xëccoo ak alkaati yi nga xam ni seen ligeey mooy doxal yoon.**

Lan laa mën def su fekkee ni da ñu ma tej wala ñu japp ma?

Fattelikul ni **bokk na ci saay aqq nga noppi baña wax**. Am nga sañ-sañ u **wax ak sa layalkat**.

Mën nga wax waa ICE su fekkee ni da nga am **jafe-jafe ci sa wer gu yaram** wala su dee da nga soxla **ñu teyeel la sa doom**.

Ndaw u ICE yii **mën na ñu baña lakk ci lakk bi la gënal**. Am nga sañ-sañ u laaj ab tekkikat u lakk ngir bepp waxtaan ak waa ICE wala bepp dig-daje wala deglu gu ñu la jox. Mën nga wax, **"I need an interpreter." (Soxla naa tekkikat u lakk.)**

Am nga sañ-sañ u laaj ab layalkat. Soxlawul **ngay xaatim ay kayit** wala **tontu ci ay laaj** laata ngay wax ak sa layalkat.

Bi ñu la tejee, di nga **am sañ-sañu** woo say mbok, xarit, wala kilifa askan, wala layalkat.

Su ñu la jappee, **mën nga jot ay ñu lay seetsi** bokk na ci say mbokk, xarit, wala kilifa askan, ak layalkat. Bayyil xel ni **pirisoŋ bu nekk ak ay sartam** yu aji seetsi yii wara xool laata ñuy ñëw.

Su fekkee ni ndaw u ICE yii ñu ngi jeem a wax ak yow wala japp la, tambali wala weyal anresistere mën na la dugal ci guuta. Waaye nak, **nit ñi nekk ci askan wi mën na ñu anresistere ICE**, lu yagg ndax du ñu jaxase ak jëwriñ yii.

**Mën nga seddoo ak sa layalkat bepp odjoo, widewoo, wala mbind ci sa wall u japp mu juge ci yow wala ci keneen ku teewe sa japp.**

**Ngir yeneen xibaar,** eskaneel QR Code bi

**Su fekkee ni yow wala ku nga bëgg da ñu leen nara gennee, tërëlal ab palaŋ.**

**1** **Seetal say tanneef yu tegu ci yoon. Wax ak ab layalkat bu ñu woolu te moytu salfaañe.**

**1-800-354-0365**

**Altine ba Aljuma, 9AM ba 6PM**
Tekkilakk gi jappandal na

Imigaraaŋ u New York ame ay laaj wala jaaxle war nañoo woo Liiñu Taxawu Imigarasioŋ ci wal u Yoon bu Biro Meeri bi Yore wàllu Doxandeem Yi (Mayor's Office of Immigrant Affairs, MOIA) ngir **ay xibaar ak yi la lëkkale ak taxawub imigaraasioŋ ci wall u yoon**.

Sart u imigaraasioŋ dafa kompilike. Moytul ma naxaate kat yi ci wall u yoon wala joxekat u mëneef yu werul te mën laa dig ay mbir yu amul.

**Fattelikul:** Ab noteer u askan gu nekkul ab layalkat gu am lijaasa mënul bind wala dugal formileer u imigaraasioŋ ci sa tur. Waruñu itam di la jox ay tektal u mbir u yoon.



Téere bii dafay joxe ay xibaar yu jëm ci ñépp. Nekkul ay xelal ci wàllu yoon. Seetil ab awokaa ngir am ay xelal ci wàllu yoon.

## 2 Tërëlal say palaŋ u mbokk.

**Tannal ab ku ngay jokkool ci lu jamp te mokkal seenub nimero telefoŋ.** Ab ku ngay jokkool ci lu jamp mën naa doon ku nga woolu - ab mbokk, xarit, kilifa askan, wala layalkat.

**Organiiseel say kayit** te nga deñc leen ci ab barab gu woor foo xam ni say nit yi ngay jokkool ci lu jamp di na ñu ko mën jël.

**Tannal ab yorekat u fagaru: koo woolu te mën la teyeel sa doom su fekkee ni da ñu laa japp.** Yorekat u fagaru am na sañ-sañ jël ay dogal gu am solo ngir ab xale gu ñuy toppatoo, bokk na ci ay dogal u doktoor ak ay dogal ci fan la doom ji di jangee.

**Ngir yeneen leeral,**
eskaneel QR Kot bi

→

## Mbind yi

**www.nyc.gov/knowyourrights**

## Ngir xibaar yi gëna yees,



- **Tiimaleel sa kamera telefoŋ bi kot QR bi ci suuf te nga téye ko ay saa yu néew.**
- **Bësal ci mbind miy yëglé tey feeñ ngir mëna jot ci xibaar yi.**